

Moun ki Genyen Asirans Inondasyon ap Jwenn Plis Tan pou yo Soumèt Reklamasyon Prèv Sinis pou Siklòn Michael yo

Release Date: January 15, 2019

TALLAHASSEE, Fla. — Sivivan Siklòn Michael nan Florida yo pral genyen tan siplemantè pou yo soumèt reklamasyon prèv sinis pou Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon (NFIP) an apre desizyon FEMA pou li pwolonje peryòd pou soumisyon an.

Si ou se yon moun ki genyen asirans NFIP nan Florida, kounyea ou gneyen 365 jou apatide dat pèt la pou w soumèt yon reklamasyon pou asirans inondasyon. Pwolongasyon sa a bay ase tan pou evalyasyon pèt yo ak rapò ekspè a yo, epi pou soumèt yon reklamasyon prèv sinis konplè ki siyen epi asèmante.

FEMA detèmine ke moun ki genyen asirans nan Florida yo bezwen plis tan pou yo soumèt reklamasyon yo akòz kantite ravaj ki fèt akòz siklòn nan.

Yo enkli prèv sinis la nan pakè reklamasyon ki dokimante pèt akòz tanpèt la yo. Pakè reklamasyon an dwe genyen ladan ni:

- Foto oubyen videyo domaj ki fèt akòz inondasyon yo
- Yon lis konplè e detaye sou sa ki domaje yo
- Resi, si yo disponib, pou atik ki domaje yo avèk nenpòt dokimantasyon sipò ki montre valè pèt la

Si ou poko fè sa, kontakte konpayi asirans ou a leplivit posib pou w kòmanse tretman reklamasyon w lan.

FEMA senplifye pwosesis li a pou l reponn kesyon epi pou l trete reklamasyon asirans inondasyon yo pi byen. Ou kapab rele sant NFIP a nan 800-427-4661 de Lendi rive Vandredi apatide 8 a.m. jiska 8 p.m. Si ou itilize 711 oubyen Sèvis Relè



FEMA

Page 1 of 2

Videyo, rele 866-337-4262.

Si ou bezwen asistans an prive, ou kapab vizite yon sant rekiperasyon apre katastwòf. Pou w jwenn DRC ki pi pre w la, vizite [fema.gov/drc](https://www.fema.gov/drc).

Anplwaye sant dapèl NFIP yo disponib pou ede moun ki genyen asirans yo avèk enfòmasyon konsènan kontra yo, yo ofri enfòmasyon teknik jeneral sou inondasyon ki pou ede nan rekiperasyon, epi yo reponn kesyon konsènan NFIP a. FEMA kapab refere w a konpayi asirans ou a pou asistans siplemantè si ou genyen kesyon espesifik sou reklamasyon asirans ou a.

###

Misyon FEMA: N ap ede moun anvan, pandan epi apre katastwòf.

Pou yon lis resous ki disponib pou moun ak biznis ki afekte akòz Siklòn Michael, vizite www.floridadisaster.org/info.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou rekiperasyon apre Siklòn Michael, vizite www.fema.gov/ht/disaster/4399.

Swiv FEMA ak Divizyon Jesyon Ijans Florida sou Twitter nan [@FEMARegion4](https://twitter.com/FEMARegion4) ak [@FLSERT](https://twitter.com/FLSERT). Ou ka vizite FEMA ak paj Facebook Divizyon an tou nan [Facebook.com/FEMA](https://www.facebook.com/FEMA) ak [Facebook.com/FloridaSERT](https://www.facebook.com/FloridaSERT).



FEMA

Page 2 of 2